# Aralg‘a ɵmir ber

Házirgi waqıtta Málimleme hám g‘alaba kommunikasiyalar agentligi tárepinen BMSHnıң Ózbekstandag‘ı wákilxanaları menen birgelikte shólkemlestirilgen global xabardarlıqtı arttırıwg‘a qaratılg‘an «Aralg‘a ɵmir ber» atamasındag‘ı onlayn konferensiya bolıp ótpekte. Konferensiyanı ótkeriwden maqset qorshag‘an ortalıqtı tiklew tarawındag‘ı innovasiyalıq qurallar hám mexanizmlerdi, Aral teńizi regionında densawlıqtı saqlaw mashqalaların saplastırıw mexanizmlerin dodalaw bolıp esaplanadı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Sonıń menen birge, konferensiyada jergilikli xalıqtıń bántligin támiyinlew hám turmıs dárejesin jaqsılaw sonday-aq, ekologiyalıq apatshılıqtıń tásirlerin jumsartıw boyınsha qosımsha iláj sıpatında regionda sosiallıq isbilermenlikti rawajlandırıw boyınsha xalıqaralıq tájiriybeni engiziw perspektivaları da dodalanıp atır.

Image not found or type unknown

Konferensiyag‘a G‘XQ wákilleri, jurnalistler hám blogerler qatnaspaqta.

QR Ministrler Keńesi Málimleme xızmeti